

Yon Mesaj de Kevin Tabb, MD

Prezidan ak PDG, Beth Israel Lahey Health

24 jen 2021

Plis pase nenpòt ki bagay, pandemi COVID-19 la enspire m pou m reflechi sou kiyès nou ye kòm yon òganizasyon - ak sa Beth Israel Lahey Health vle di. Nou te fè fas ak defi apre defi pou plis pase yon ane. Sou tout wout la, nou tout - anplwaye nou yo - te pran swen pasyan nou yo ak kominote nou yo avèk konpetans epi konpasyon, e nou te sipòte youn ak lòt. Nou te dekouvri ak inovasyon epi avanse syans ak a medsin.

Kòm entansite a ak chay pandemi a (erezman) redwi, responsablite nou an anvwè pasyan nou yo, anvwè kominote nou yo epi anvwè youn ak lòt kontinye. E responsablite sa yo bezwen oryante desizyon yo ke nou pran kòm yon òganizasyon.

Kòm yon pati nan sa, mwen ap pataje mesaj videyo sa a avèk nou jodi a pou fè nou konnen ke nou pral egzije anplwaye nou yo pou yo pran vaksen kont COVID. Tout anplwaye yo pral oblije tou pran vaksen kont grip pita ane sa.

Mwen di "pral egzije" vaksinasyon kont COVID-19, paske, kòm nou ka konnen, gouvènman federal la otorize vaksen COVID aktyèl yo - a pe prè 85 pousan nan anplwaye nou yo te deja pran l - si gen yon Otorizasyon Itilizasyon Ijans, oswa EUAs. Nou espere ke EUAs sa yo leve nan semèn yo oswa mwa pi devan yo e ke vaksen COVID-19 yo pral konplètman otorize pa FDA (Administrasyon Manje ak Medikaman) a pita ane sa.

Paske nou konnen ke kèk nan anplwaye nou yo ta santi yo pi alèz pou yo pran yon vaksen COVID apre ke li te fòmèlman otorize pa FDA a, nou pa pral egzije l sof si e jiskaske EUA a leve. Apre yo fin leve EUA a, li pral yon egzijans pou tout anplwaye yo pran vaksen kont COVID kòm yon kondisyon nan travay. Natirèlman, nou vrèman ankouraje pran vaksen ant kounya ak apre si ou pa te deja pran vaksen an.

Vaksen kont grip yo te toujou apwouve pa FDA, e obligasyon vaksen pou grip pou tout anplwaye yo te pratik komen nan anpil lòt sistèm swen sante Massachusetts depi kèk tan kounye a.

Mwen vrèman santi ke nou ta dwe atann anplwaye nou yo - ke se swa yo te an kontak ak pasyan oswa san kontak ak pasyan - pran vaksen kont COVID ak grip pou twa rezon.

Premyèman, nou gen yon devwa pou pwoteje pasyan nou yo. Enstitisyon swen sante tankou pa nou an inik. Pasyan nou yo konte sou nou. Swen nou bay la a, pou la plipa, pa opsyonèl. Yon sou-kategori pasyan nou yo iminodefisyan oswa gen sèten kondisyon medikal kache, bagay tankou kansè oswa lupus oswa atrit rimatoyid.

Pou yo, pandemi sa a lwen. Menm si yo te fè tout demach ke yo kapab pou pwoteje tèt yo - pran vaksen an... mete mask... - yo ka pa ka konplètman pwoteje. Yo tounen vin jwenn nou... yo fè nou konfyans... pou ede sove lavi yo oswa amelyore kalite lavi yo. Epi nou gen yon devwa ak responsablite pou nou fè tout sa ki nan pouvwa nou pou pwoteje yo. Mwen panse ke li ta trè difisil pou nenpòt nan nou, ke se swa endividyèlman oswa kolektivman kòm yon



òganizasyon, ap viv ak tèt nou pandan ke nou konnen ke nou te mete pasyan nou yo an risk epi ekspoze yo e evantyèlman lakòz mal oswa lanmò si nou ka evite sa. E nou ka evite sa.

Dezyèmman, nou gen yon responsablite youn ak lòt - anvè kòlèg nou yo, pi gwo majorite de moun - preske 85% - te fè demach pou yo pwoteje tèt yo ak fanmi yo. Kontrèman ak anpil lòt endistri yo, menm si, gwo majorite anplwaye nou yo dwe prezan fizikman pou fè travay yo. Petèt pa nan yon anviwònman an kontak ak pasyan, men yo bezwen vin travay. Anplwaye nou yo, sa yo ki gen tou kondisyon iminodefisyan, gen yon atant rezonab ke nou pral fè tout sa nou kapab pou pwoteje yo lè yo fè sa. Epi ki gen ladan li tann kòlèg k ap travay ansanm ak yo tou pran vaksen an.

Twazyèmman, nou se yon òganizasyon ki chita nan a ak syans nan swen sante - ak nan done. E done yo montre ke vaksinasyon an trè efikas, epi li si. Nou bezwen pran devan, pou tèt nou ak pou moun ki bò kote nou, nan bay yon egzant nan pi gwo kominote a sou rezon ki fè sa a enpòtan. Anplwaye nou yo te pote chay yon pandemi terib. Mwen te souvan tande moun nou yo kap di ke yo swete lòt moun te pran plis responsablite pa koumanse mete mask ak pran distans, konsa nou pa te akable pandan vag apre vag. Nou dwe dirije wout klarifye kijan li enpòtan pou pran responsablite pèsònèl ak kolektif.

Menm jan nou kwè nan dwa moun yo pou yo pran pwòp desizyon yo, nou pa ka kite dwa sa yo depase potansyèl ke nou ka bay yon maladi ki menase lavi yon pasyan oswa yon kolèg. An reyalyite, nou te egzije sèten bagay pou travay isit la pandan anpil ane, ak pwosesis an plas pou chèche egzonorasyon medikal ak relijye yo. Nou egzije prèv vaksinasyon kont lawoujòl, malmouton, ak ribeyòl, pa egzant. E sa ki pa pre tankou komen oswa danjere tankou COVID-19 oswa grip la. Mwen menm mwen te panse ke li posib tou de, konprann epi kwè ke gen moun ki lib pou pran pwòp desizyon yo, men li pa nesèsèman vrè nan yon espas travay ki mete lòt moun an risk.

Gade, mwen konnen pran yon pozisyon pa toujou fasil, men nou bezwen gen kouraj pou dirije... paske nou konnen se sa ki korèk la nap fè, epi paske li vo l.

Mwen konnen tou ke, kòm yon òganizasyon, nou gen plis travay pou nou fè pou eksplike poukisa sa enpòtan anpil. Nou bezwen fè tout sa nou kapab pou jwenn konfyans nou ki ka toujou ezite. Epi nou pral fè l.

Nou konnen nou pral gen kesyon, epi nou te devlope yon seri de resous pou ede reponn kesyon sa yo. E nan semèn yo ak mwa kap vini yo, nou pral pataje plis enfòmasyon sou sa ki vini apre, patikilyèman lè FDA otorize omwen youn nan vaksen COVID yo.

Jouk lè sa a, tanpri konnen konbyen mwen apresye tout bagay nou fè - pou pasyan nou yo, pou kominote nou yo ak pou chak nan nou.

Mèsi.